

# KIJAN POU REYAJI SI GOUVÈNMAN AN VLE ANILE DOSYE IMIGRASYON W LAN

Si avoka gouvènman an ap mande jij la pou anile dosye w la, gen anpil chans l ap chèche depòte w pi vit nan yon pwosesis yo rele **expedited removal** ki vle di depòtasyon eksprès, kote ou pèdi dwa w pou prezante dosye w la devan yon jij imigrasyon.



Si w nan tribunal epi avoka gouvènman an ap mande jij imigrasyon an pou anile dosye w la, **ou gen dwa di Jij la:**

- Mwen pa apwouve anilasyon dosye mwen an.
- Mwen ta renmen gen plis tan pou m eksplike epi prezante rezon ki fè dosye mwen an pa dwe anile.
- Mwen ta renmen gen plis tan pou m chèche yon avoka.
- (Si w vle aplike, oswa si w déjà nan pwosesis pou aplike pou azil) Mwen pè retounen nan peyi m poutèt laperèz pèsekisyon oswa tòti.
- Mwen vle aplike pou azil.
- Mwen mande pou avoka gouvènman an soumèt demann li an alekri.

Si menm apre li fin tandem deklarasyon w yo jij la deside anile ka w la, **ou gen dwa di jij la:**

- Mwen ta renmen tribunal la mete yon nòt nan dosye m nan ki di mwen pa apwouve anilasyon ka mwen an epi mwen ta renmen fè apèl kont desizyon tribunal la.

Si ICE arete w apre odyans ou lan, **ou gen dwa pou di epi repete fraz sa bay chak ajan ICE:**

- Mwen pè retounen nan peyi m poutèt mwen pè pèsekisyon oswa tòti.

**Enpòtan:** Si w pa prezante w nan yon odyans tribunal imigrasyon ki pwograme, jij la ap ba w yon **lòd depòtasyon**. Lòd sa a ap pèmèt ICE depòte w byen vit.

Kite yon mesaj pou nou sou WhatsApp oubyen Facebook!

**Documented.info**

+1 (646) 939-5145  
[@documented.info](https://www.documented.info)

Lòt resous:  
[immigranthelpny.org](http://immigranthelpny.org)  
**IMMIGRANT ARC**

# KISA POU W FÈ APRE ODYANS JODI A?

Li enpòtan **pou prepare w epi fè demach sa yo:**

Fè yon plan ijans  
ak fanmi epi  
zanmi w yo



Ou dwe kontinye  
chèche yon avoka!



Chèche plis  
enfòmasyon sou  
dwa w



Konekte ak resous  
ki bay sipò  
emosyonèl



Ou ka rele nimewo sa yo pou plis asistans ak ka imigrasyon w lan:

Liy dirèk sipò legal imigrasyon NYC:  
1-800-354-0365 oubyen rele 311 epi di  
"Access NYC"

Ou ka rele Office for New  
Americans nan: 1-800-566-  
7636

Kite yon mesaj pou nou sou WhatsApp oubyen Facebook!

**Documented**.info

+1 (646) 939-5145  
[@documented.info](https://@documented.info)

Lòt resous:

[immigranthelpny.org](http://immigranthelpny.org)

**IMMIGRANT ARC**